**दिन– मंगलवार** **दिनांक–27.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे हालक घटनाक्रम सभ साबित कयलक अछि जे पाकिस्तानक भारत कँे विरूद्ध तथाकथित छद्म युद्ध वास्तव मे एकटा सुनियोजित युद्ध–रणनीति अछि। गुजरातक गांधीनगर मे एकटा जनसभा कँे संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि अछि जे छओ मई कऽ घटनाक उपरांत भारत कँे आतंकी गतिविधि सभक प्रमाण देबाक आब आवश्यकता नहि अछि।

---

श्री मोदी कहलनि अछि जे भारत केकरो सँ दुश्मनी नहिं चाहैत अछि। भारत शांति सँ रहऽ चाहैत अछि। ओ कहलनि अछि जे देश एहि तरीका सँ प्रगति करबाक आकांक्षा रखैत अछि जे विश्वक कल्याण मे योगदान दऽ सकै। प्रधामनंत्री कहलनि जे 1960 कऽ सिंधु जलसंधी मे जम्मू–कश्मीर कँे बान्ह सभक सफाई व गाद नहिं निकलबा पर सहमति बनल छल। ओ कहलनि जे पछिला गलत नीति सभ सँ राष्ट्रीय हितक नोकसान भेल अछि। प्रधानमंत्री युवा पीढ़ी कँे राष्ट्रीय हित सभ कँे नोकसान पहुँचाबयबला ऐतिहासिक फैसला सभक अध्यन करबाक लेल कहलनि अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे कोरोना जेहेन प्राकृतिक आपदा सभक बावजूद भारत विकासक पायदान चढ़ैत एगारहम नंबरक अर्थव्यवस्था सँ चारिम नंबरक अर्थव्यवस्था बनल अछि। श्री मोदी गुजरातक गांधीनगर मे सभा कँे संबोधित करैत कहलनि अछि भारतक ई सफलता भारतीय सभक विकास आओर प्रगतिक प्रचंड चाहतक परिणाम थिक। प्रधानमंत्री श्री मोदी कहलनि अछि जे ई गर्वक बात अछि जे हमसभ जापान कँे पछुआ देलौं अछि। ओ कहलनि जे हमरा सभक लक्ष्य अछि जे दू हजार सैंतालीस मे भारत कँे विकसित राष्ट्र बनेबाके टा छै। श्री मोदी कहलनि अछि जे हमसभ आजादीक सय साल एहि रूपँे मनाएब जे दुनिया मे विकसित भारतक झण्डा फहराइत रहत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक उनतीस मई कैँ होबऽबला दू दिवसीय बिहार दौरा कैँ लऽकऽ तैयारी सभकैँ अंतिम रूप देल जा रहल अछि। श्री मोदी अपन दौराक दरमियान पटना आओर रोहतास मे कतेको कार्यक्रम सभ मे शामिल हेताह। बिहार भाजपाक अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल संवददाता लोकनि सँ जानकारी साझा करैत बतयलनि जे उनतीस मई कैँ संध्या पांच बजे प्रधानमंत्री श्री मोदी पटना एयरपोर्ट पहुँचताह। एहिठाम पटना एयरपोर्टक नव टर्मिनल भवनक उद्घाटन आओर बिहटा मे प्रस्तावित एयरपोर्टक शिलान्यास करताह। श्री जायसवाल बतयलनि जे एकर उपरांत प्रधानमंत्रीक एयरपोर्ट सँ भाजपा कार्यालय तक रोड़–शो कऽ कार्यक्रम सेहो अछि। ओ बतयलनि जे रोड़–शो के मार्ग मे अलग–अलग बत्तीस स्थान सभ पर स्वागत मंच बनाएल जा रहल अछि। तीस मई कैँ प्रधानमंत्री रोहतासक बिक्रमगंज मे जनसभा कैँ संबोधित करताह।

---

केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान कहलनि अछि जे राष्ट्रीय शिक्षा नीति दू हजार बीस पारंपरिक मूल्य सभक संरक्षण करैत देश मे भविष्यक शिक्षाक लेल महत्वपूर्ण अछि। नई दिल्ली मे शिक्षा सम्मेलन कैँ संबोधित करैत श्री प्रधान जोर दैत कहलनि जे राष्ट्रीय शिक्षा नीति एकटा दूरदर्शी ढाँचाक रूप मऽ उपभरल अछि, जे भारत मे शिक्षाक भविष्य कैँ आकार दऽ रहल अछि आओर शिक्षाक भविष्य कैँ बेहतर दिशा मे प्रवाहित कऽ रहल अछि।

---

राज्य भरि कऽ सरकारी स्कूल सभ मे अभिभावक–शिक्षक संगोष्ठि एकतीस मई कैँ आयोजित कएल जाएत। शिक्षा विभाग एहि संगोष्ठिक थीम रखलक अछि– **पढ़ेगें, बढ़ेगें और सीखेगें हम।** विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसार एहि संगोष्ठिक उदेश्य, विद्यालय सँ भेटयबला सहयोगक मादे अभिभावक सभ कैँ जानकारी देब आओर गरमी छुट्टीक दरमियान विद्यार्थी सभकैँ सतत सीखबाक लेल अभिभावक लोकनि कैँ जागरूक बनाएब अछि।

---

प्रदेशक अधिकतर भाग सभ मे प्री–मॉनसून बरखाक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसारेँ पछिला चौबीस घंटा मे कटिहार, किशनगंज, पूर्णियां, जमुई, नालंदा, गया, समेत राज्यक दक्षिण–पूर्व आओर दक्षिण–मध्य भाग सभ मे कतेको स्थान सभ पर तेज बरखा दर्ज कयल गेल अछि। सभ सँ बेसी एक सय पांच मिलीमिटर बरखा कटिहार मे दर्ज कएल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा सभक दरमियान भागलपुर, बांका, कटिहार आओर नवादा समेत राज्यक दक्षिण–मध्य आओर पूर्वी भाग सभ मे कतेको स्थान सभ पर भारी बरखाक संभावना अछि। एकरा संगहि, उत्तरी आओर पूर्वी भाग सभ मे विभिन्न स्थान सभ पर तेज हवाक संग बरखा आओर वज्रपातक आशंका अछि।

———————————————————————

मिथिलाक प्रसिद्ध सौराठ सभाक आयोजन अट्ठाईस मई सँ छओ जून धरि मधुबनीक सौराठ गाम मे कएल जाएत।

अररिया जिलाक जोगबनी थाना क्षेत्र अतंर्गत भारत–नेपाल सीमाक समीप पुलिस आओर एसएसबी दुनू संयुक्त रूपैँ छापेमारी कऽ भारी मात्रा मे नशीला पदार्थ बरामद कएलक अछि। एहि मामिला मे एकटा व्यक्ति कैँ सेहो गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त